

Ayiti: Atak sou Endepandans Pouvwa Jidisyè a

Konsèy Sekirite Nasyonzini Dwe Mande pou Retablisman Lakou Kasasyon nan Pwochen Rankont li a

(New York, 22 Febriye 2021) – Konsèy Sekirite Nasyonzini dwe fè presyon sou gouvènman [Ayisyen](#) an pou li prezève endepandans pouvwa jidisyè a, respekte pwosedi regilye yo et retounen sou dènye chanjman abitrè li fè nan moun ki fè pati Lakou Kasasyon yo, deklarasyon Human Rights Watch fè Jodi a. Yo dwe rasire yo pandan pwolongasyon manda Biwo Entegre Nasyonzini an Ayiti (BINUH), ki ap espire an Oktòb 2021, yo pran desizyon pou ranfòse endepandans pouvwa jidisyè a.

Nan dat 22 Febriye a, Konsèy Sekirite Nasyonzini an pral diskite sou kriz politik ki genyen aktyèlman an Ayiti aprè [yon espoze Helen La Lime](#), ki se chèf BINUH, ki te kreye an 2019 e ki te gen manda pou li konseye gouvènman ayisyen an pou li fè pwomosyon epi ranfòse establite politik ak bon gouvènans. Nan kòmansman mwa Febriye a, Prezidan Ayisyen Jovenel Moïse [revoke abitrèman](#) twa (3) Jij Lakou Kasasyon, pami yo gen youn ki te jwenn arestasyon li pou kèk jou nan de sikonstans, dapre deklarasyon Biwo Wo Komisarya Nasyonzini pou Dwa Moun “ki ka konsidere kòm yon arestasyon ak yon detansyon ilegal oubyen abitrè”. Prezidan te nonmen tou twa (3) nouvo jij san li pa swiv pwosedi ki trase pou san an Konstitisyon an.

“Debarase w de Jij Lakou Kasasyon ou pa renmen epi nonmen nouvo jij san swiv pwosedi regilye yo p ap rezoud yon kriz politik”, [Tamara Taraciuk Broner](#), ki se asistan direktè pou Amerik la nan Human Rights Watch te fè konnen. “Manm Konsèy Sekirite yo gen okazyon pou yo mete zak imilyasyon sa kont endepandans pouvwa jidisyè a nan tèt ajanda diskisyon yo, e yo dwe sezi opòtinite sa a. Pa gen okenn rezolisyon posib nan kriz Ayiti a san etadedwa ak endepandans pouvwa jidisyè a.”

Prezidan ak sipòtè li yo nan [chire pit](#) aktyèlman ak opozisyon politik la sou kilè manda prezidan ap fini. Dapre Konsitasyon Ayisyen an, manda prezidan an kòmanse 7 Febriye, aprè òganizasyon eleksyon chak senk (5) lane. Konsèy Siperyè Pouvwa Jidisyè a [te tranche nan dat 6 Febriye](#) pou li di manda prezidan Moïse fini nan jou sa. Li [fè konklizyon sa a akoz](#) manda senk (5) lane prezidan an te kòmanse an 2016, aprè li te genyen premye eleksyon yo an Oktòb 2015.

Eleksyon 2015 yo [te konteste](#) akoz akizasyon fwod elektoral ki te mennen nan òganizasyon yon dezyèm eleksyon an Novanm 2016, eleksyon Moïse te ranpòte ankò. Moïse [te deklare](#) manda li ap fini 7 Febriye 2022, lè li konte senk (5) lane yo apati Febriye 2017, lè li te antre an fonksyon aprè eleksyon Novanm 2016 yo.

[Òganizasyon Eta Ameriken yo](#) ak [Gouvènman Etazini](#) asepte entèpretasyon sa a.

7 Febriye ki sot pase a, Minis jistis Ayisyen an, direktè a.i Polis Nasyonal Dayiti a, ak plizyè ajan sekirite k ap travay nan Inite Sekirite Jeneral Palè Nasyonal ak rezidans presidansyèl la, [te arete](#) 18 moun yo akize ki t ap fè konplo kont gouvènman an. Moïse [te fè konnen](#) arestasyon sa yo te fèt sou baz enfòmasyon sèvis entelijans lan te bay sou yon tantativ prezime pou ranvèse gouvènman li a.

Kòd penal ayisyen prevwa yon penn prizon ki ka ale jiska 15 lane pou nenpòt moun ki patisipe nan “tantativ oswa konplo pou detwi enstitisyon politik yo oswa chanje gouvènman an, ensite sitwayen pran zam kont chèf leta a”. Li defini konplo a kòm desizyon pou “aji ant de konplote, menm si pa gen okenn tantativ [pou aji]”.

Pami [detni yo te genyen](#) Jij Yvickel Dieujuste Dabrézil, ki se yon jij Lakou Kasasyon ak plizyè manm fanmi li ak ekip sekirite li. Yo akize Jij Dabrézil ki ta pral jwenn [nonminasyon](#) opozisyon politik la ak de gwoup nan sosyete sivil la kòm prezidan pwovizwa. Li te konteste sa nan dènye entèvyou li te bay jounal [Miami Herald](#). Lapolis fè konnen yo te jwenn yon diskou li ta pral fè lè li pran pouvwa a, kat (4) fizi, 3 pistolè ak yon manchèt pandan yo t ap [fouye lakay li](#). 18 moun sa yo te transfere nan prizon Kwadèboukèk ki nan Pòtoprens. Gen yon tribinal ki [te libere](#) Dabrézil nan dat 11 Febriye pase a. Rès moun yo toujou [rete nan detansyon](#).

[Nan dat 8 Febriye](#), opozisyon ak group nan sosyete sivil la te nonmen Jij Lakou Kasasyon ki rele Joseph Mécènes Jean-Louis kòm prezidan pwovizwa. Li [te asepte nonminasyon an](#) pou li vini “prezidan pwovizwa tranzisyon an”.

Nan menm jou a, Moïse [publiye yon dekrè](#) kote li bay lòd pou voye nan “retrèt” twa (3) Jij Lakou Kasasyon ki se – Dabrézil, Jean-Louis, ak Wendelle Coq Thelot. Li [te akize yo](#) kòm moun ki t ap “eseye rive nan tèt pouvwa a san yo pa ale nan eleksyon.”

Coq Thelot te [resevwa menas lanmò](#) aprè li te fin opoze ak nonminasyon nan yon dekrè tout manm Konsèy Elektoral Pwovizwa yo an Septanm 2020. Daprè Konsitasyon ayisyen an, nonminasyon sa yo dwe fèt aprè konsiltasyon avèk aktè nan sosyete sivil la, men prezidan an te fè nonminasyon sa yo san rekòmandasyon sosyete sivil la. Konsèy la gen responsablite pou òganize eleksyon, prezidansyèl, lejislatif ak lokal yo men prezidan te soti yon [dekrè nan dat 5 Janvyè](#) ki di Konsèy la dwe tou planifye, òganize epi reyalize yon referandòm konstitisyonèl, malgre entèdiksyon klè nan konstitisyon an pou amande Konstitisyon an atravè yon referandòm.

Tout moun yo akize ki ta komèt yon krim dwe gen bon jan ankèt ki mennen sou li, nan respè garanti pou gen yon pwosedi regilye, deklarasyon Human Rights Watch.

Revokasyon twa (3) jij yo vyole Konstitisyon ayisyen an, ki fè konnen jij yo ka tonbe anba yon

pwosedì destitasyon sèlman aprè majorite 2/3 (de tyè) nan chanm depite a vote pou akize yo kòm moun ki ta fè abi otorite. Yo ka tonbe anba sispansyon si gen akizasyon kriminel ki fèt kont yo. Yo ka tradui Jij yo devan yon tribinal si yo komèt yon krim oswa nan kad yon pwosedì pou de responsabilite sivil. Yo dwe rete nan pòs yo jiskaske manda yo fini oswa yo kapab pran retrèt yo lè yo genyen 55 lane si yo te travay nan sistèm jidisyè a pandan 25 lane.

Nan dat 11 Fevriye, Moïse te nonmen [twa \(3\) nouvo jij](#) nan Lakou Kasasyon – Octélus Dorvilien, Louiselmé Joseph ak Pierre Harry Alexis – san li pa swiv pwosedì ki prevwa nan lalwa pou fè sa. Konstitisyon an egzije pou prezidan chwazi Jij Lakou Kasasyon yo nan yon lis Sena ap prepare voye ba li pou chak pòs ki pa gen moun ladan. Moïse [deklare](#) li chwazi moun sa yo nan lis ki te sot nan Sena a. Sepandan, akòz Konsèy Elektoral la te [ranvwaye pou yon dat ki pa defini](#) eleksyon lejislatif Oktòb 2019 yo, manda tout lejislatè ki te nan Chanm Depite a ak de tyè (2/3) nan Sena [te fini an Janvyè 2020](#). Depi lè sa, se sèlman 10 Senatè ki rete nan pòs yo. Moïse ap [dirije ak dekrè](#).

Ayiti siyen anpil trete sou dwa moun – pami yo Konvansyon Entènasyonal sou Dwa Sivil ak Politik ak Konvansyon Ameriken sou Dwa Moun – ki egzije pou li prezève endepandans ak enpasyalite pouvwwa jidisyè a. Komite Dwa Moun Nasyonzini an, ki ap siveye si eta manm yo aplike Konvansyon entènasyonal sou dwa moun nan, fè konnen pou yon tribinal ka “endepandan epi enpasyal”, pouvwwa ekzekitif la pa dwe kapab kontwole li oswa bay pouvwwa jidisyè a lòd.

Yon seri prensip ki fè otorite– pami yo Prensip fondamantal Nasyonzini ki pale sou endepandans pouvwwa jidisyè a, Chat inivèsèl Jij la ak Estati jij ibewo-ameriken yo– defini de eleman kle ki fè yon pouvwwa jidisyè endepandan e enpasyal. Nòm sa yo prevwa pou jij yo pa dwe sibi okenn kontrent, presyon oswa lòd yo enpoze yo ki sot nan bò kote lòt branch gouvènman an, yo dwe benefisye de sa yo rele “inamovibilite” konsa yo p ap pè pou yo pa revoke yo nan pòs yo pou desizyon yo pran. Anplis de sa, nonminasyon jij yo dwe fèt sou baz de kritè objektif e transparan epi sou bon jan kalifikasyon pwofesyonèl, epi yo ka pran sispansyon kont yo oswa revoke yo “nan kad enkapasite oswa konpòtman ki rann yo enkapab pou yo ranpli fonksyon yo”.